

Pwosedì Aplikasyon pou Egzansyon



Dokiman swivan yo egzajib pou chak aplikan:

EGZAN "HOMESTEAD"

- **PRÈV POSESYON APATI 1e JANVYE** - (YOUN NAN DOKIMAN SWIVAN YO):
 - ✓ YON FÒM APLIKASYON DEJA ENPRIME KI TE POSTE VOYE BA W DE EVALYATÈ PWOPRIYETE A
 - ✓ YON GARANTI TIT KAY ANREJISTRE
- **PRÈV REZIDANS ETA FLORID** - (YOUN NAN DOKIMAN SWIVAN YO – EMÈT ANVAN MWAD JANVYE 1):
 - ✓ YON PÈMI KONDWI OSWA KAT DIDANTITE VALID DE ETA FLORID
 - ✓ PAPYE ANREJISTRASYON MACHIN NAN ETA FLORID
 - ✓ KAT ENSKRIPSYON VOTÈ ETA FLORID
 - ✓ PAPYE TAKS MINISTÈ REVNI (IRS) LANE PRESEDAN OSWA FÒM W-2 AKTYÈL
 - ✓ RELEVÈ BANKÈ AK KONT TCHEKING KI SOU ADRÈS PWOPRIYETE A
 - ✓ PRÈV PEMAN POU BÒDWO ITILITE KI SOU ADRÈS PWOPRIYETE A

TANPRI NOTE:

- Se sèlman moun ki gen non yo sou aplikasyon sa-a kòm pwopriyetè ki abite nan kay la, ki bay nimewo Sekirite Sosyal yo ak prèvizidans yo nan Florid ap benefisye de Egzan "Homestead" la si yo akòde yo aplikasyon an.
- Moun ki pa sitwayen Ameriken yo fèt pou soumèt Alyennkat yo, ki konn rele grinnkat tou.
- Si wap depoze yon aplikasyon pou yon Fidisi (Trust), w fèt pou soumèt yon pake dokiman fidisi okonplè.

EGZAN SITWAYEN GRANDÈT/VYEYA

- PAPYE TAKS IRS LANE DÈNYÈ, RAPÒ PRESTASYON SEKIRITE SOSYAL OSWA RAPÒ REVNI SEPLEMANTÈ (SSI) AK PRÈV LAJ

\$5,000 EGZAN VÈV/VÈF

- SÈTIFIKA DESÈ KONJWEN

\$5,000 ENFIMITE SIVIL

- SÈTIFIKSA MEDSEN (**DR-416** oswa **DR-416B** - *Fòm yo ka telechaje de sit entènèt Evalyatè Pwopriyete a oswa pase pran yo swa nan biwo Anba Lavi la oswa nan South Dade Government Center)

\$5,000 EGZAN ENFIMITE VETERAN

- LÈT VETERAN (**27-125**) 10 POU SAN ENFIMITE OSWA PIPLIS KI AN RAPÒ AK SÈVIS MILITÈ

EGZAN TOTAL ENFIMITE VETERAN

- LÈT VETERAN (**27-333**) ENFIMITE TOTAL PÈMANAN KI AN RAPÒ AK SÈVIS MILITÈ

EGZAN TOTAL ENFIMITE SIVIL

- SÈTIFIKA DE DE (2) MEDSEN (**DR-416** oswa **DR-416B** – Se dwe 2 medsen diferan ki pa travay nan menm adrès - *Gade pi wo la a)
- DEKLARASYON NOTARYE DE REVNI ANVAN TAKS (**DR-501A** - *GADE PI WO LA A)
- FÒM TAKS REVNI FEDERAL AKTYÈL
- RAPÒ **SSA 1099** OSWA SSI LANE PRESEDAN AN